



## **Pwosedi pou Pote Plent Dapre Tit VI**

South Florida Regional Transportation Authority (Administrasyon Transpò Rejyonal South Florida (SFRTA/Tri-Rail) pran angajman pou asire okenn moun pa jwenn entèdiksyon pou patisipe nan pwogram, politik oswa aktivite transpò komen li, oswa pou okenn moun pa jwenn refi pou avantaj nan pwogram, politik oswa aktivite transpò komen li akòz ras, koulè, oswa peyi kote moun nan sòti dapre pwoteksyon Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo. Si ou kwè ou viktim pratik diskriminasyon anba Tit VI la, ou ka pote yon plent alekri ba South Florida Regional Transportation Authority, Administration Department, 800 NW 33<sup>rd</sup> Street, Pompano Beach, FL 33064; nimewo telefòn 954-942-7245

Nou ankouraje tout moun pou yo fè plent lan alekri epi pou yo mete ladan omwen enfòmasyon ki anba la yo:

- Non, adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou (nimewo telefòn, imèl, elatriye).
- Kijan, pou kisa ak kilè ou kwè ou te viktim pratik diskriminasyon an.
- Ou dwe siyen plent lan.

SFRTA fè ankèt sou plent li resevwa pa plis ke 180 jou de dat ke diskriminasyon an tè rivè.

### **Pwosesis pou Fè Ankèt:**

N ap mennen yon ankèt sou tout plent yo san pèdi tan. Anketè a ap rankontre avèk moun ki fè plent lan. Nou ka fè kèk entèvyou tou avèk lòt moun ki ka gen enfòmasyon sou diskriminasyon ou endike ki fèt kont ou nan pwogram, politik oswa aktivite transpò komen, epi nou ka revize dosye oswa dokiman ki enpòtan pou plent lan.

Lè ankèt la fini, n ap voye yon rapò final ba Direktè Egzekitif la. Si nou jwenn yon vyolasyon Tit VI la, n ap pran mezi koreksyon apwopriye imedyatman. Moun ki fè plent lan ap resevwa yon avi tou pou rezilta ankèt la, epi n ap fè li konnen mezi koreksyon n ap pran pou sa. Si yon rezilta montre pa t gen pratik diskriminasyon, n ap fè moun ki fè plent lan konnen dwa li genyen pou konteste desizyon an. Pwosesis ankèt la ta dwe fini nan trant (30) jou ouvrab ki vini apre dat nou resevwa plent alekri a.

### **Kontestasyon Detèminasyon:**

Si nou pa jwenn vyolasyon epi moun ki fè plent lan vle konteste desizyon an, li ka kontakte Federal Transit Administration (FTA) (Administrasyon Federal Transpò Komen), Atansyon: Region IV Civil Rights Officer, 230 Peachtree St., N.W. Suite 800, Atlanta, GA 30303, oswa li ka rele (404) 865-5628.

Yon moun ki fè plent ka fè premye Plent dapre Tit VI la dirèkteman ba Federal Transit Administration nan adrès ki endike anwo a. Plent ki fèt dirèkteman nan FTA dwe fèt anvan 180 jou apre dat diskriminasyon ou kwè ou viktim nan.